**दिन–मंगलवार** **दिनांक–16.07.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

विकासशील इंसान पार्टीक प्रमुख मुकेश सहनीक पिता जीतन सहनी के संदिग्ध परिस्थिति मे मृत्यु भऽ गेल। प्राप्त जनतबक अनुसार दरभंगा जिलाक बिरौल थाना क्षेत्रक सुपौल स्थित हुनक आवास सँ शव बरामद कयल गेल। पुलिस अधीक्षक जगन्नाथ रेड्डी जला रेड्डी हत्याक पुष्टि कयलनि। ओ जनौलनि जे एफएसएलक टीम घटनास्थल सँ साक्ष्य एकट्ठा कयलक अछि। श्री रेड्डी कहलनि जे हत्याकांड के कारणक पता लगेबाक लेल सभ बिन्दु पर जाँच कयल जा रहल अछि। एम्हर, एडीजी पुलिस मुख्यालय जितेन्द्र गंगवार कहलनि जे पूरा मामिलाक जाँचक लेल एसआईटीक गठन कयल गेल अछि। एसआईटीक नेतृत्व दरभंगा ग्रामीण के एसपी आ बिरौलक एसडीपीओ के देल गेल। पटना मे पत्रकार सभ सँ गपशप करैत श्री गंगवार कहलनि जे एहि संबंध मे सीसीटीवी फुटेजक जाँच कयल जा रहल अछि। ओ जनौलनि जे दू संदिग्ध के हिरासत मे लऽकऽ पूछताछ कयल जा रहल अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार जीतन सहनीक असामयिक निधन पर असीम शोक जतौलनि अछि। श्री कुमार कहलनि जे जीतन सहनीक हत्या अत्यंत दुखद घटना अछि। मुख्यमंत्री पुलिस महानिदेशक के एहि मामिलाक जाँच कऽ दोषी सभक विरूद्ध कड़गर कार्रवाई के निर्देश देलनि अछि। ओतहि, मुख्यमंत्री वीआईपी प्रमुख मुकेश सहनी सँ फोन पर गप कऽ हुनका सांत्वना देलनि।

---

जीतन सहनी कँ हत्या के लऽकऽ मुख्य विपक्षी दल राजद राज्य सरकार पर प्रश्न उठौलक अछि। पार्टीक राष्ट्रीय प्रवक्ता मनोज झा कहलनि जे प्रदेश मे कानून व्यवस्थाक

स्थिति अत्यन्त खराब अछि आ लोक अपराधी सभक खौफ मे जीब रहल अछि। ओ हत्याकान्डक त्वरित जाँच कऽ दोषी सभक विरूद्ध कड़गर कार्रवाईक मांग कयलनि अछि।

————————————————————————

प्रवर्तन निदेशालय–ईडीक टीम आय सँ बेसी सम्पत्तिक मामिला मे राष्ट्रीय जनता दलक पूर्व विधायक गुलाब यादव के पटना, पुणे आ मधुबनी स्थित कतेको ठेकान सभ पर छापामारी कऽ रहल अछि। जनतबक अनुसार ईडीक अधिकारी आइ भोर मधुबनीक झंझारपुर मे गुलाब यादव के पैतृक निवास पर पहुँचलाह। टीम विभिन्न स्थान सभ पर तलाशी लऽ रहल अछि। गुलाब यादव दू हजार पन्द्रह मे झंझारपुर विधानसभा सीट सँ चुनाव जीतने छलाह। एहि वर्ष ओ बहुजन समाज पार्टी टिकट पर लोकसभा चुनाव लड़लनि मुदा हारि गेलाह। एम्हर, आईएएस अधिकारी आ ऊर्जा विभागक प्रधान सचिव संजीव हंस के पटना आ आन ठेकान सभ पर **ईडीक टीम छापामारी कऽ रहल अछि**।

————————————————————————

बिहार लोक सेवा आयोग तेसर चरणक शिक्षक भर्ती परीक्षाक आयोजन उन्नैस जुलाई सँ बाईस जुलाई धरि करत। आयोगक अध्यक्ष रवि मनुभाई परमार पटना मे संवाददाता सम्मेलन मे ई जनतब देलनि। ओ कहलनि जे सत्ताईस जिला मे चारि सय चारि केन्द्र पर आयोजित होबयवला परीक्षा मे छओ लाख सँ बेसी अभ्यर्थी सम्मिलित होयताह। ध्यातव्य अछि जे ई परीक्षा अनियमितताक शिकायतक पुष्टिक बाद रद्द कऽ देल गेल छल।

————————————————————————

नीट यूजी परीक्षाक कथित पेपर लीक मामिला मे केन्द्रीय अन्वेषण अभिकरण–सीबीआई काल्हि राति हजारीबागक एक गेस्ट हाउस सँ एक व्यक्ति के गिरफ्तार कयलक अछि। एकर संगहि हजारीबाग सँ एखन धरि पाँच लोकक गिरफ्तारी भऽ गेल अछि। गिरफ्तार व्यक्ति लऽग सँ महत्वपूर्ण दस्तावेज बरामद कयल गेल अछि।

————————————————————————

प्रदेशक विभिन्न भाग मे दक्षिण–पश्चिम मॉनसूनक सक्रियता कमजोर पड़ि गेल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे प्रदेशक उत्तर–पूर्व भाग मे किछु स्थान के छोड़ि अधिकांश भाग मे मौसम शुष्क रहल। एहि दरमियान मधेपुराक ग्वालपाड़ा मे सभ सँ बेसी अड़तीस दशमलव चारि मिलीमीटर वर्षा भेल अछि। सहरसाक सौर बाजार मे तैंतीस दशमलव चारि आ बांका मे एकतीस मिलीमीटर वर्षा भेल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक जे अगिला तीन दिन धरि प्रदेशक दक्षिण–पूर्व, उत्तर–पूर्व, उत्तर–पश्चिम आ दक्षिण–पश्चिम भाग मे किछु ठाम हल्का सँ मध्यम वर्षा भऽ सकैत अछि। विभाग एहि भाग मे मेघगर्जनक संग वज्रपातक आशंका के लऽकऽ येलो अलर्ट जारी कयलक अछि।

———————————————————

काल्हि मुहर्रम कँ दसवीं तारीख अछि। इमाम हुसैन के कर्बलाक मैदान मे शहादत के याद मे योमे आशुरा मनाओल जायत। एहि अवसर पर अलम जुलूस आ ताजिया जुलूस निकालल जायत। मुहर्रम के अवसर पर प्रदेशभरि मे सुरक्षाक व्यापक इंतजाम कयल गेल अछि।

———————————————————

डिब्रूगढ़–नव दिल्ली राजधानी एक्सप्रेसक ठहराव काल्हि सँ खगड़िया जिलाक मानसी स्टेशन पर सेहो होयत। पूर्व–मध्य रेल सोनपुरक मंडल रेल प्रबंधक विवेक भूषण सूद ई जनतब देलनि अछि।

———————————————————

दरभंगा जिलाक फेकला थाना क्षेत्र अंतर्गत छपरार गाम मे छापामारी कऽ उत्पाद विभागक टीम लगभग एकावन लाख टाका मूल्यक तीन हजार आठ सय लीटर विदेशी शराब बरामद कयलक अछि।

———————————————————

समाप्त